

LÈ W AP RETOUNEN RAPÒ SA A,
ASIRE ADRÈS DISTRI **LOKAL KI**
PADÈYÈ RAPÒ SA A PARÈT
NAN FENÈT ANVLÒP POU
RETOUNEN KOURYE A.

LDSS-4310-HA (Rev. 3/18)

Rapò Chak Peryòd

Ou dwe ranpli fòm Rapò sa a epi pou retounen li nan adrès ki endike padèyè a anvan dat [REDACTED] pou kontinye resevwa avantaj yo.

“Rapò Chak Peryòd” sa a ap ede nou rasanble enfòmasyon sou nenpòt chanjman ou te ka genyen depi dènye fwa ou te an kontak avèk travayè sosyal la konsènan kalifikasyon ou. Tanpri asire ou li ak swiv tout eksplikasyon yo anvan ou ranpli fòm “Rapò Chak Peryòd” sa a. Li enpòtan pou ranpli fòm “Rapò Chak Peryòd” sa a, pou siyen li epi pou retounen li anvan dat limit ki endike anwo a. Si ou pa fè sa n ap sispann avantaj Sèvis Gadri ou ak/oswa avantaj SNAP ou.

NON KI SOU DOSYE		NIMEWO DOSYE
BIWO	INITE	TRAVAYÈ SOSYAL
Si ou gen nenpòt kesyon sou fason pou ranpli fòm Rapò sa a, rele: () [REDACTED]	Nou dwe resevwa fòm Rapò ou ranpli a anvan dat [REDACTED]. Si nou pa resevwa fòm Rapò ou ranpli a anvan dat sa a, Avantaj Sèvis Gadri ou ak/oswa Avantaj SNAP ou ap sispann. Si ou pa retounen rapò sa a, sa p ap afekte pwoteksyon asirans Medicaid ou.	

Enstriksyon Jeneral

- Ou dwe reponn tout kesyon ki nan Rapò sa a. Reponn tout kesyon ki nan Rapò sa a pou tout moun k ap resevwa Avantaj Sèvis Gadri ak/oswa Avantaj SNAP, oswa pou nenpòt moun ki gen responsablite legal pou yon moun pou resevwa avantaj sa yo.
- Ou dwe ranpli ak siyen Rapò sa a pou retounen li nan adrès ki padèyè rapò sa anvan dat [REDACTED]. Si ou pa fè sa, nou ka redui oswa sispann Avantaj Asistans Timoun ou (CAP), Avantaj Sèvis Gadri ou oswa Avantaj SNAP ou.

Sa pou Sonje: Si w ap resevwa Asistans Pwovizwa ak Medicaid, ou dwe rapòte nenpòt chanjman ba travayè sosyal ou anvan 10 jou. Pou SNAP, ou dwe rapòte nenpòt chanjman anvan dis (10) jou apre fen mwa a si revni total ou anvan dediksyon pa mwa depase limit 130% ou resevwa a. Si nenpòt moun ki nan fanmi SNAP ou an se yon Granmoun Anfòm Ki San Depandan (Able-Bodied Adult Without Dependents, ABAWD), moun sa DWE di distrik lan si orè travay li mwens pase 80 èdtan pa mwa, nan yon peryòd 10 jou ki vini apre fen mwa a. ABAWD an kapab mande distrik lan yon aktivite travay ki kalifye pou kapab ede li ranpli kondisyon ABAWD federal yo. Si nenpòt moun ki nan fanmi SNAP ou an se yon ABAWD, li ta dwe tou rapòte si fanmi ou an te al viv nan yon zòn ki gen yon egzan pou ABAWD ki apwouve onivo federal, oswa si ABAWD an kwè ke li ta dwe egzan de kondisyon ABAWD an. Otreman, ou pa bezwen rapòte chanjman yo a okenn lòt moman ke nan Rapò Chak Peryòd sa oswa nan Resètifikasyon, nenpòt sa ki rive anvan. Ou dwe kontakte travayè sosyal ou imedyatman si ou gen nenpòt chanjman ki afekte Sèvis Gadri ou.

POU VIL NEW YORK – NOUVO! Ou kapab kounye a soumèt Rapò Chak Peryòd ou an rapidman epi fasilman SOU ENTÈNÈT
(Olye ou voye li pa kourye)

Ale sou: www.nyc.gov/accesshra

SEKSYON 1: Tanpri bay TOUT revni pou CHAK moun ki lakay ou. Si w ap resewwa avantaj SNAP sèlman, ou dwe bay sèlman salè yo isit la pou chak moun lakay ou k ap travay.

(Egzanp revni yo gen ladan salè ou touche nan yon djòb, Asirans pou Chomaj, Avantaj Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Sipleman (SSI))

Kimoun	Non Patwon an oswa Lòt Sous Revni	Konbyen Fwa? (Chak Jou, Chak Semèn, Chak (2) Semèn, Chak Mwa)	Kantite Èdtan Total Ou Te Travay Chak Semèn

Voye prèv tout revni nenpòt moun lakay ou te touche pandan tout mwa [REDACTED].

SEKSYON 2: Èske te gen nenpòt lòt chanjman (Ili kaz ki anba la yo) depi dènye Rapò ou, oswa èske ou pral gen nenpòt chanjman?

Non oswa Wi Si ou di Wi, ou dwe koche kaz (✓) pou omwen youn nan kaz ki anba la yo.

- Yon adilt enganm ki lakay ou pa t travay/pa patisipe nan yon aktivite travay pou omwen 80 èdtan nan chak mwa. (Ekri kimoun ki pa satisfè egzijans ki anba la a ak mwa moun nan pa t satisfè li.)
- Moun lakay ou te demenaje. (Ekri nouvo adrès la anba la a.)
- Yon moun te vin abite lakay ou oswa te kite lakay ou. (Ekri kimoun ki te vin abite lakay ou ak kilè ak nouvo kantite lajan peman lwaye a.)
- Pri lwaye ou ogmante oswa bese. (Ekri nouvo kantite lajan pri lwaye a.)
- Apa lwaye w ap gen pou peye apa pou: Chofaj Èkondisyon Lòt sèvis piblik (elektrisite, gaz fou, dlo, egou, fatra)
- Yon moun te kòmanse travay oswa te kite travay. (Ekri kimoun, kilè ak kote moun nan te kòmanse oswa te kite travay la.)
- Yon moun te gen yon chanjman nan kantite lajan revni li pa t reyalize.
- Depans ou pou sèvis gadri ou (depans ou fè ki pa pou sibvansyon sèvis gadri) nouvo oswa te chanje oswa founisè sèvis gadri ou te chanje. (Ekri nouvo kantite lajan ak kimoun ki bay sèvis gadri a.)
- Lanmò oswa Nesans yon moun nan kay la. (Ekri kimoun ak kilè.)
- Chanjman nan sipò timoun dapre obligasyon legal yon moun nan kay ou genyen. (Ekri kimoun lakay ou ki peye sipò a.)
- Chanjman nan kondisyon medikal yo ki limite kapasite yon moun ki nan kay lan pou li kapab travay oswa modèl travay ke yo ka fè. (Ekri ki moun ak kilè kondisyon medikal lan te rive.)
- Lòt chanjman ki ka afekte avantaj yo. (Ekri kimoun, kisa ak kilè te gen chanjman an, epi bay prèv, si li posib.)

Ekri detay chanjman (yo) la a, epi si ou gen prèv yo, voye yo nan: _____

OTANTIFIKASYON: Mwen rekonèt enfòmasyon mwen bay nan rapò sa a ka lakòz gen chanjman nan asistans mwen, tankou rediksyon kantite lajan nan Avantaj Asistans Pwovizwa mwen, Avantaj SNAP mwen, Avantaj Sèvis Gadri mwen, oswa fèmti dosye mwen. Si salè revni brit mwen depase 130% nivo a, mwen dwe rapòte li nan yon delè 10 jou apre fen mwa kote mwen te resewwa li an. Mwen konnen Lwa Federal ak Lwa Eta prevwa amann ak/oswa anprizònman pou nenpòt moun k ap eseye resewwa Avantaj Asistans Pwovizwa, Medicaid, Sèvis Gadri oswa SNAP nan fwod oswa ki resewwa Avantaj sa yo nan fwod san moun nan pa gen dwa pou jwenn yo. Enfòmasyon mwen bay nan fom sa a ka afekte kalifikasyon mwen pou Medicaid.

Mwen rekonèt mwen dwe kontakte travayè sosyal mwen pou rapòte nenpòt chanjman ki genyen nan dosye Asistans Pwovizwa ak Medicaid mwen anvan 10 jou.

Mwen rekonèt mwen dwe kontakte travayè sosyal mwen imedyatman si gen nenpòt chanjman ki afekte sèvis gadri mwen. Mwen rekonèt ou si mwen itilize yon founisè sèvis gadri ki pa gen lisans oswa ki pa anrejistre, founisè sèvis gadri mwen dwe satisfè sèten kondisyon pou li kapab touche lajan.

Pou dosye SNAP mwen an, mwen dwe rapòte chanjman yo sou Rapò Chak Peryòd la ak nan Resètifikasyon an, kèlkeswa sa ki rive anvan. Mwen dwe rapòte tou chanjman nan nenpòt ki lòt lè. Si nenpòt moun nan kay SNAP mwen an se yon ABAWD mwen dwe rapòte tou si èdtan travay yo ale piba pase 80 èdtan pa mwa nan lespas 10 jou apre fen mwa sa.

ENPÒTAN - OU DWE SIYEN AK RETOUNEN FÒM SA A. SI OU TE KOCHÈ KAZ "WI" POU NENPÒT CHANJMAN KI NAN SEKSYON 2, ASIRE OU TE KOCHÈ (✓) KAZ (YO) EPITOU ASIRE OU TE BAY PLIS DETAY. SI OU PA FIN FÈ RAPÒ SA A, N AP VOYE YON AVI SISPANSYON BA OU.

Siyati Ou:	Dat	Nimewo Telefòn (lajounen)
------------	-----	---------------------------

Ranpli Fòm nan epi Retounen Li nan Anvlòp Ou Jwenn nan

Lè w ap retounen Rapò sa a, asire ou kapab wè adrès la nan fenèt anvlòp pou retounen li ➔